


# Ki jan yo fè devlope vaksen kont COVID-19 la rapid konsa?

[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)



## Yo te pran plizyè dizèn ane pou yo devlope vaksen ki mache ak ARNm yo.

- Estrateji yo te itilize yo pou devlope vaksen kont COVID-19 yo itilize leson yo te aprann nan etid ki te fèt anvan sou lòt vaksen.
- Sendwòm respiratwa egi sevè a (SARS) ak sendwòm respiratwa Mwayennoryan an (MERS) se de maladi ki soti nan kowonaviris ki sanble ak viris ki lakòz COVID-19 la. Chèchè yo te kòmanse devlope vaksen pou maladi sa yo apre yo te fin dekouvri yo, sètadi an 2003 ak 2012.
- Okenn nan vaksen kont SARS yo pa t ale pi lwen pase premye faz devlopman ak tès yo. Youn nan pi gwo rezon ki fè sa se paske viris sa yo te disparèt. Genyen yon vaksen kont MERS (MVA-MERS-S) ki te byen fini yon etid klinik faz 1 an 2019.
- Yo te etidye vaksen ki mache ak ARNm yo pou grip la, pou zika a, pou laraj la e pou sitomegaloviris la (CMV).
- Kou yo te vin konnen kòd jenetik pou SARS-CoV-2 a (viris ki lakòz COVID-19 la), syantifik yo te kòmanse prepare ARNm lan pou vaksen an, sètadi sibstans ki bay selil yo enstriksyon pou yo fabrike pwoteyin ki gen fòm pikan pou SARS-CoV-2 a.

## Yo te suiv pwosesis FDA nòmal la pou devlope vaksen yo:

### Etap rechèch ak dekouvèt

Syantifik yo te fè rechèch nan laboratwa pou yo teste lide yo pou jwenn yon bon vaksen. Sa te kòmanse anvan COVID-19 la.

### Etap pre-klinik

Yo te fè rechèch nan laboratwa e yo te fè tès sou bèt pou yo jwenn enfòmasyon sou fason vaksen an fonksyone e pou konnen si gen anpil chans pou vaksen an efikas e pou l pa gen danje pou moun. Sa te kòmanse anvan COVID-19 la.

### Esè faz 1

Esè sa yo konsantre yo sou sekirite. An jeneral, yo sèvi avèk 20-100 volontè ki pa t ekspozè ak maladi a.

### Esè faz 2

Se yon seri etid kontwòle randomize ak plis moun. Yo teste diferan dòz sou plizyè santèn moun ki gen diferan eta sante e ki soti nan diferan gwoup demografik.

### Esè faz 3

Yo vaksine plizyè milye moun, konsa yo jwenn enfòmasyon ki enpòtan anpil sou efikasite ak sekirite vaksen an.

### Yo mande FDA a yon otorizasyon.

Aprè evalyasyon l lan, FDA a decide si l ap apwouve/ otorize vaksen an pou yo itilize l nan peyi Etazini.

Pou jwenn plis enfòmasyon, li pakou yo te suiv la pou rive otorize vaksen kont COVID-19 la: [www.fda.gov/media/143890/download](https://www.fda.gov/media/143890/download)

## Pran yon vaksen se youn nan anpil bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun kont COVID-19 la.

Kay kèk moun, COVID-19 la lakòz maladi grav oswa lanmò. Lè ou pran vaksen an, non sèlman w ap pwoteje tèt ou kont COVID-19 la, men tou w ap pwoteje moun ki bò kote w yo poutèt w ap anpeche l gaye plis toujou. Pou kanpe yon pandemi, nou bezwen itilize tout zouti prevansyon ki disponib yo. Vaksen yo travay ak sistèm iminitè w pou kò w gen kapasite pou l konbat viris la. Genyen lòt aksyon, tankou mete kach-nen epi respekte distansyasyon sosyal la, ki ka fè w gen mwens chans pou ekspozè ak viris la e pou gaye l bay lòt moun. Lè ou pran vaksen kont COVID-19 la epi ou suiv tout rekòmandasyon CDC yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun, se pi bon pwoteksyon ou ka jwenn kont COVID-19 la.

### SOUS

- [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html)
- [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mRNA.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mRNA.html)
- [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/how-they-work.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/how-they-work.html)
- [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/development-approval-process-cber/vaccine-development-101](https://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/development-approval-process-cber/vaccine-development-101)

